

Gwo espwa

Patnarya pou
lavni pitit ou

1



2

3

4

5

6

7

8



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo dwe devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

Men kèk egzanp w ap jwenn sou sa elèv klas 1ye ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 1ye ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 1ye ane? Kisa l ap aprann nan klas 2yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou devlope bon abitud etid.

- Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li.
- Ede pitit ou òganize l.
- Fikse yon lè regilye pou devwadmezon.
- Asire ke pitit ou konnen règleman pwofesè a pou devwadmezon yo.

Pou jwenn lòt lide, ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.



Elèv ki gen andikap :

Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.

Mande pwofesè pitit ou

Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.



Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

1

Lang e literati angle (ELA)

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Itilize sa yo konnen sou rasin mo yo, mo konpoze yo, prefiks yo, sifiks yo, ak pliryèl yo pou konprann mo ki nan nivo klas yo.
- Li mo menm fanmi ki kouran (sat,cat, mat, elatriye).
- Li tèks ki nan nivo klas la ak vitès, presizyon ak ekspresyon apwopriye.
- Etidye antonim yo, sinonim yo, ak omonim yo epitou kategori mo (tankou non bèt ak non kote) pou yo aprann nouvo mo vokabilè ki nan nivo klas yo.
- Ekri sou sa yo li nan diferan fason: Dekri pèsonaj yo, anviwònman yo oswa evènman yo; fè lis yon seri evènman ki nan yon istwa; rerakonte yon istwa avèk mo yo konnen; idantifye yon pwoblèm ak solisyon pwoblèm lan nan yon istwa senp.
- Itilizasyon siy ponktiyasyon, tankou vigil, pwen entèwogasyon, ak pwen kòm endikasyon pou ede yo jwenn siyifikasyon fraz yo lè y ap li. Pa egzanzp, konnen yon pwen vle di rete epi yon pwen eksklamasyon vle di li avèk plis enèji.
- Ekri oswa fè desen pou kapab kapte konpreyansyon enpòtan.
- Itilize estrateji konpreyansyon (prevwa/konfime, re-li, korige pwòp tèt yo, poze kesyon) pou eklèsi sans sa yo li a.
- Pale pou diferan objektif, epi varye langaj (fòmèl oswa enfòmèl) dapre objektif kominikasyon (enfòmè, amize, elatriye).
- Idantifye ak pwodui korespondans ki genyen son lèt, tankou konsòn ak vwayèl long ak kout, tankou konnen diferans ant “a” nan mo “mat” ak “a” nan “mate”.
- Diskite sou istwa ak tèm oswa sijè nan anviwònman ti gwoup oswa gwo gwoup



Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal paran ak nan lang Angle tou.

Jwe wòl yon oditwa amikal pandan pitit ou ap entèprete istwa ki nan liv oswa nan emisyon televizyon. Pale sou fason diferan pèsonaj santi yo oswa sou sa yo kapab fè answit.

Li awotvwa avèk pitit ou. Timoun yo kapab tandè ak li liv tou sou Entènèt nan lang Angle, Franse oswa Panyòl nan sit wèb Bibliyotèk piblik Nouyòk, “On-Lion” pou timoun. Ale sou sit wèb kids.nypl.org epi klike sou bouton *TumbleBooks*.

Rasanble nouvo mo nan liv nou li ansanm yo. Lè ou jwenn yon mo nouvo, mande pitit ou pou li ekri mo a sou yon ti fich oswa sou yon fèy papye epi mete mo a yon kote nou toulède kapab wè li. Gade konbyen fwa ou kapab itilize mo a.

Mande manm fanmi ou yo pou yo voye lèt ba pitit ou epi pou yo ankouraje pitit ou reponn lèt yo.

Mennen pitit ou nan bibliyotèk ki nan zòn lakay ou a chak semèn.

Matematik



Aprantisaj lakay

Montre fason fanmi ou itilize matematik chak jou. Pa egzanp, lè w ap sèvi pitza oswa gato, pale osijè kouman mòso yo se fraksyon yon antye. Ankouraje pitit ou note lòt egzanp.

Itilize yon tèmomèt pou detèmine tanperati li fè deyò a nan menm lè a chak jou oswa jwenn tanperati ki wo ak ba chak jou sou sit wèb la oswa nan yon journal. Note rezilta yo epi diskite sou yo.

Jwe jwèt sosyab (tankou damye).

Ansanm avèk pitit ou, dekouvri rapò ki genyen ant boza, koulè, fòm ak matematik ki nan Children's Museum of the Arts. Ale sou sit wèb cmany.org pou jwenn enfòmasyon ak eksplikasyon sou jan pou ale.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konte pa 1 (1, 2, 3...) jiska 100 epi pa dis (10, 20, 30...). Epiou konte pa 5 (5, 10, 15...) jiska 50 epi konte pa 2 (2, 4, 6...) jiska 20.
- Konte annaryè apati 20 rive nan 1 (20, 19, 18...)
- Devlope yon konpreyansyon inisyal sistèm baz dis :
 - 10 inite = 1 dizèn
 - 10 dizèn = 1 santèn
- Ekri nonb jiska 100.
- Adisyon nonb avèk rezilta jiska 10.
- Itilize desen oswa pòtre pou eksplike yon pwoblèm matematik oswa pwosesis pou rezoud pwoblèm. Pa egzanp, montre twa balon plis kat balon plis yon balon egal uit balon.
- Soustrè nonb ki genyen yon chif. Pa egzanp, $7 - 4 = 3$.
- Rekonèt fòm ak estrikti jeyometrik ki nan anviwònman an. Pa egzanp, rekonèt yon triyang nan yon pano priyorite *Yield* nan lari a.
- Itilize objè tankou klips oswa longè pye pitit ou a pou detèmine longè yon espas oswa yon objè. Pa egzanp, konte kantite pa ki genyen apati yon kote nan yon chanm pou rive lòt kote chanm lan.
- Idantifye ak diskite sekans nan aritmetik epi diskite sou yo (sa k ap vini apre nan yon sekans repete, avèk nonb oswa objè). Kolekte ak antre done pou yon kesyon, tankou, "Ki tan li fè jodi a?"

Syans

Nan Syans elèv ki nan klas 1ye ane ap etidye pwopriyete matyè ak chanjman nan tanperati ak nan sezon yo.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Rekonèt dlo evapore lè yo kite li nan yon respipyan ki louvri. Rekonèt dlo antan yon likid chanje an gaz pandan l ap deplase nan lè a.
- Rekonèt materyèl ki fòme yon objè detèmine pwopriyete objè a, tankou koulè, pwa, ak rezistans, oswa si l ap plonje oswa flote.
- Obsève ak dekri kondisyon tan ki genyen nan chak sezon. Pa egzanp, obsève li fè nèj jeneralman nan sezon ivè, men lapli kapab tonbe nan nenpòt sezon.
- Konpare tanperati ki nan diferan zòn. Pa egzanp, andedan kay la ak deyò a, nan solèy la, an nan lonbraj la.
- Dekri fason solèy la parèt pou deplase pandan lajounen an. Montre sa ak yon pòtre oswa lè li itilize blòk oswa lòt objè.
- Konnen genyen yon sik lajounen ak lannwit chak 24 èdtan.
- Rekonèt enèji solèy la chofe lè a.
- Dekri fason aspè fizik yon bèt, tankou kou long yon jiraf, koki yon tòti, oswa yon fouri lous blan, ede bèt la siviv.
- Rekonèt kèk karakteristik èt vivan yo eritye, paegzanp kantite manm yon animal genyen.
- Kominike sa li obsève aloral ak alekri.

Aprantisaj lakay

Jwe jwèt “Will It Float?”(Èske l ap flote?) avèk pitit ou. Rasanble ti objè enpèmeyab, tankou balon tenis, blòk, kreyon ak mab. Mande pitit ou pou li egzamine chak objè epi prevwa si l ap plonje oswa flote. Teste prediksyon yo nan yon bòl oswa yon evye ki ranpli avèk dlo.

Kolekte foto yon tibebe oswa yon bèt nan fanmi ou. Tanzantan, gade pòtre yo ansanm avèk pitit ou epi mande pitit ou pou li pale osijè nenpòt chanjman li remake.

Vizite Tisch Children’s Zoo ki nan Central Park Zoo (gen frè pou peye pou sa) oswa chèche pòtre jaden zowolojik vil Nouyòk sou sit wèb (nyzoosandaquarium.com). Pale sou fason jaden zowolojik yo asire yo ke bèt lòt anvivònman yo genyen sa yo bezwen pou siviv nan klima sa a.

Ankouraje pitit ou pou li fè rapò ba fanmi ou sou obsèvasyon syantifik nou fè ansanm. Ede pitit ou note ak òganize enfòmasyon yo, fè desen ak foto, epi prezante rapò a nan yon moman fanmi an reyini.



Aprantisaj lakay

Kòmanse yon bwat istwa pou fanmi an. Ede pitit ou kolekte foto, mòso journal, lèt, kat jeyografi ak lòt atik. Ajoute enfòmasyon sou fanmi an, tankou kote lòt manm fanmi an ap viv kounye a.

Pran ransèyman nan Panwapa (www.panwapa.com), yon kominote entè-aktif ak global sou entènèt pou timoun ki genyen laj 4-7. Sit wèb la prezante yon nouvo estil pèsonaj Muppet k ap ede timoun yo vin sitwayen monn ak kominote y ap viv la.

Kite pitit ou ede ou chèche ak prepare yon resèt senp ak tradisyonèl yon lòt peyi, tankou picadillo (vyann bèf moulen ak oliv) ki soti Kiba, mofongos (boulèt bannann) oswa arroz con habichuelas (diri ak pwa) ki soti Pòtoriko, oswa perogi (boulèt pat) ki soti Risi.

Vizite youn nan plizyè sosyete istorik, mize, ak mize timoun ki nan vil Nouyòk chak mwa.



Syans sosyal

Nan syans sosyal klas 1ye ane, elèv yo ap etidye konsèp fanmi, tankou pwòp fanmi elèv yo, kounye ak depi lontan.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konnen fanmi yo genyen pwòp istwa li.
- Konprann fonksyon lajan (e ke moun pran desizyon sou lajan) ak fason yo itilize lajan pou satisfè bezwen ak dezi nou.
- Konnen ke se gouvènman yo ki ka fè ak chanje lalwa.
- Pataje enfòmasyon sou yon sijè nan syans sosyal alekri oswa atravè diskisyon.
- Li ak koute liv fiksyon (istwa imajinè) ak liv non-fiksyon (istwa reyèl) ki gen pou wè ak istwa, jeyografi ak moun selèb.
- Enfòmasyon sou moun ak evènman ki te enpòtan nan istwa kominote yo.
- Fè tablo atis oswa desen ki montre diferan tradisyon kiltirèl, tankou selebrasyon yon jou ferye nan fanmi an.
- Dekouvri ak idantifye istwa pwòp fanmi yo. Pa egzanp, konnen pou ki rezon ak fason yon paran oswa yon granparan te vini nan Nouyòk pou premye fwa.
- Kreye kat jeyografi senp kote oswa zòn li konnen byen (chanm, salklas, lekòl ak katye), pou montre kote biwo, etajè liv ak lòt atik yo ye.
- Rekonèt drapo a se yon senbòl Etazini.
- Ede tabli ak swiv règ pou salklas la, lekòl la ak kominote a.

Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas 1ye ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas 1ye ane yo ap patisipe nan boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap aprann chante chanson senp epi y ap dekouvri ritm avèk enstriman mizik; y ap dekouvri sekans ak fòm avèk kò yo atravè mouvman kreyatif; y ap kreye boza vizyèl avèk divès kalite zouti ak materyèl; epitou y ap eksprime yo atravè pyès teyat dramatik, istwa ak maryonèt. Detay : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap angaje nan divès kalite opòtinite pou yo aktif sou plan fizik, aprann fason pou pran desizyon pou sante yo, devlope yon mòdvi sennensof, epi fè divès kalite aktivite fizik ki tradisyonèl ak modèn. Detay : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Elèv yo ap kontinye vin genyen aptitud nan lekti ak rechèch. Nan fen ane, y ap anmezi pou pataje sa yo konnen sou yon sijè; rekonèt enfòmasyon yo; jwenn enfòmasyon pou reponn kesyon; chèche lide prensipal yon istwa; epi apresye liv lekti fiksyon ak liv lekti non-fiksyon. Detay : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Teknoloji** : Elèv klas 1ye ane yo ap fè eksperyans avèk edisyon, depasman ak konsèvasyon resous yo te kreye avèk divès kalite zouti, tankou yon lojisyèl tretman tèks *word processors*. Elèv yo ap aprann diferan fòm medya (tankou tèks, kolaj desen *clip art* ak bilten enfòmasyon) epitou itilize yo pou kominike ak fè echanj lide avèk kamarad klas yo. Pwofesè yo ap kontinye prezante itilizasyon sennesòf ak akseptab resous sit wèb la. Detay : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon rezime sou anpil nòm pitit ou ap aprann ane sa a. Ou kapab wè kopi gid sa yo epi transfere download kopi li nan òdinatè ou pou tout klas yo, klas matènèl rive klas 8yèm ane, ansanm ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas yo sou sit wèb nou an nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit

wèb Ansèyman ak Aprantisaj www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics ak sit wèb OFEA www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea. Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan ofea@schools.nyc.gov. Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



Department of
Education

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 1st (Haitian Creole)